

# Apèsi sou Estrateji Aplikasyon 2023–2025

Pwosesis Evalyasyon Byennèt Rejyonal CHA 2022 te idantifye yon seri Priorite pou Aksyon Kolaborasyon, ki gen ladan twa Prensip Ekite (jistis langaj, enklizyon vwa ki pa gen anpil reprezantasyon nan lidèchip ak nan pran desizyon, ak anviwònman ki ankouraje swen kolektif ak gerizon) ak kat domèn konsantrasyon anba a. Estrateji Aplikasyon 2023–2025 lan dekri objektif yo, objektif yo, ak estrateji pou abòde priorite sa yo.

Pou wè Estrateji Aplikasyon an konplè ak Rapò Byennèt Rejyonal la, vizite sitwèb CHA: [challiance.org/community-health-data-and-reports](http://challiance.org/community-health-data-and-reports)

## Lojman: Abòdab, Estabilite, Sekirite

**OBJEKTIF:** Tout moun, espesyalman moun ki pi pre enpak diskriminasyon istorik ak jodi a nan lojman, ka pwospere fizikman, mantalman ak sosyalman nan yon lojman ki an sante.

### Objektif yo:

- 1) Prezève, amelyore, ak elaji opsyon lojman an sante, abòdab, ki an sekirite, ki rezistan nan klima.
- 2) Ankouraje aksè ki ekitab nan lojman ki an sante, abòdab, ki an sekirite ak rezistan nan klima nan fason ki reponn ak bezwen divès kalite lojman.
- 3) Ranfòse sante ak establiite kominotè lokal yo, tankou anpeche depasman rezidan ki gen revni ba e ki modere.

## Ekite ak aksè nan swen, sèvis ak enfòmasyon

**OBJEKTIF:** Tout moun resevwa swen, sèvis, ak enfòmasyon yo bezwen pou yo pwospere.

### Objektif yo:

- 1) Elaji sipò navigasyon ak ranfòse pataje enfòmasyon yo atravè sektè yo.
- 2) Ogmante resous ak rezo ki disponib pou reponn ak bezwen swen, sèvis ak enfòmasyon popilasyon ki fè fas ak baryè dispwopòsyone.
- 3) Diminye baryè kiltirèl, lengwistik, ekonomik ak operasyonèl nan swen, sèvis, ak enfòmasyon atravè sektè yo.
- 4) Kreye mekanis fidbak aksesib, an tan reyèl ki ka enfòme amelyorasyon sistèm lan.

## Estrateji yo:

CHA ak patnè kominotè yo travay pou atenn objektif sa yo atravè divès patenarya ak estrateji. Gen senk tèm ki aplike atravè Estrateji Aplikasyon an. Tèm sa yo rele Apwòch Estratejik Rejyonal yo, epi yo enkli:

- Bati prensip ekite a nan efò pou devlope pwogram yo ak amelyore sistèm yo ak pwosesis yo
- Devlope pwosesis pou amelyore kominikasyon ak pataje enfòmasyon
- Konekte pwogram ak pwosesis enfòmasyon yo ak enplikasyon pou chanjman politik yo
- Ranfòse resous ak kapasite pou òganize kominote a
- Konekte vwa kominote a ak chanjman leta, lokal ak enstitisyonèl

## Ekonomi ekitab: Lajan, Travay, Manje, Swen

**OBJEKTIF:** Se asire tout moun gen resous ekonomik ak sipò yo bezwen pou pwospere atravè tout etap nan lavi yo.

### Objektif yo:

- 1) Elaji disponiblite travay lokal ki onorab epi ki mande divès kalite ladrès, epi ki ofri yon bon salè, avantaj sosyal, ak bonjan kondisyon travay.
- 2) Bati chemen pou jwenn aksè ki ekitab nan travay lokal ki onorab epi ki mande divès kalite ladrès, epi ki ofri bonjan salè, avantaj sosyal, ak bonjan kondisyon travay.
- 3) Soutni devlopman ak prezèvasyon sistèm manje ki ekitab e ki dirab.
- 4) Reponn yon fason adekwa ak bezwen moun k ap pran swen yo atravè pwogram ak/oswa politik yo.

## Sante Klima ak Jistis Anviwònman an: Lè a, Dlo, Preparasyon, Rezilyans

**OBJEKTIF:** Kominote nou yo rezistan ak enpak chanjman klimatik yo, epi efò nou yo ankouraje jistis anviwònman an epi diminye plis kontribisyon nan chanjman nan klima.

### Objektif yo:

- 1) Ranfòse konesans kominote a ak kapasite pou aksyon pou bese ekspozisyon polisyon lè a pa anndan kay la ak deyò l, ak pwodui chimik ak toksin nan dlo.
- 2) Bati konesans ak kapasite kominote a pou defann chanjman politik imedyà, oswa adopte nouvo politik, ki mete sante ak jistis anviwònman an kòm yon priorite.
- 3) Ogmante konesans kominote a epi devlope an komen efò nan preparasyon pou chanjman klimatik, alèjman, ak rezistans, espesyalman nan popilasyon jistis anviwònman an.
- 4) Angaje enstitisyon lokal yo nan diminye kontribisyon nan chanjman klima a ak danje ki nan anviwònman an.